Пролетарэу дунэй псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым и оргэщ

№ 137 (2364) | Гъубж. ноябрым и 28-м 1944 гъ. | И уэс. кI. 20

4-рей **Украинскэ** фронтым и дзэхэр ипэкIэ кIуатэхэкIэрэ, Чехословакиям и щIым деж хуит къащIыжащ городхэу **Михайльовце, Гуменне.**

ЯугъащIэ бийм текIуэныгъэр къэзыгъэгъунэгъу ди дзэ лIыхъужьхэм!

КЪЭБЗАГЪЭР—УЗЫНШАГЪЭМ И ЗЫ НЭХЪЫЩХЬЭЩ

Псом нэхърикI нэхъыщхьэу, дзэшхуэ зиIэу щытыр щIыгуащ. Абхуэдизу уасэшхуэ щIэ щIыхум и узыншагъэр хъуныгъэм. Гъэ къэсыхункIэ къэс блакIахэм нэхърэ гуащIэрыпсэухэм я узыншагъэр хъума хъуныгъэм. Абы къэкIэ государствэм ахъщэ хуэхэр кIеутIыпщыр. Ди къралым хуэдэу зы къэралыкI дунэтыкIым щIыхухэм я здзэнэ и кIуэщIкIэ зауэм ипэ, а дэтхэнэ зы гуащIэрыпсэукI лэжьыныгъуэ иIащ куурт, санаториухэм, дом отхым кIуэуэ зыщигъэпсэфыну, и узыншагъэр нэхърикI щIыну. Абхуэдэ IуэхугуэхэмкIэралым ахъщэ маIэкъым тыригъэкIуаду щыIар иджырикI тыригъэкIуадэр. Къуажэхэм я кIуэщIкIэ, ипэ-ыз медицинскэ лэжьакIуэ щIэдэмыкъ щытахэм, иджы ячебнэ, фельдшерскэ пункт-р дэтхэщ. Фыз лъхуэхэм къэкIэ лъхуапIэхэр, культурэу загъэпэщахэу, къызэIуахащ. Советскэ властым лэжьыщхуэхэр зэрихъащ ипэкIэм дэкIуэзауэ, хьэмам зылъагъэхуэу щыта къущхьэхэр культурнэ псэукIэм щешэлIэ хъуныгъэмкIэ Iэзэ-э вздэкIэху, епщэкIэ, хьэкым бжьыныху нэху щы-хъужьащ,—жэуэ узым убжьытхэкIэ сымаджэр ягъэ-ъужьи зигугъэ фызыжь эзэхэм" я пIэкIэ къуажэм щ иджы щIэныгъэкIэ узэда-ыгъуэ псорикI зыщIэ медицинскэ лэжьакIуэхэр.

м Советскэ властым я ныIэ бэригъэт зэпытщ мы Iуэху-уэр нэхърикI егъэфIэкIуа-ныгъэм. Гъэ къэсыхункIэ къэс блакIахэм нэхърэ гуащIэрыпсэухэм я узыншагъэр хъума хъуныгъэм. Псалъэм щхьэ-э къэтщтэнщ мыбхуэдэ Iуэху-уэр. Ди областым и кIуэщIкIэ къуажэ щIагъуэ бгъуэтынщым хьэмам дэмыту. Абхуэ-ум кIэбзу къуажэ щIагъуэкI ъуэтыныкъым а хьэмахэр ъхьэхэу. Колхозым хьэмэм гъэщIэр абы амал имыIэу, уажэ советым тырикъуэзу ъуэтыным щхьэкIэ. Ауэ а имыр гъэплъынхэм, ахъщэ-хэм абы зыщагъэпсэкIы-ныгъэм зыкIи пылъхэкъым. Пэжщ, адигэм, ипэкIэ яIэу щытакъым хьэмэ, абы къэхэкIэ емысэхуу зэрыщытым щхьэкIэ, хьэмамым псорикI кIуэхэу щыткъым. Абыхэм нэхъ къыхахыр псы къубгъэн ягъэхуабу къызэригъэжэхэмэ, хьэмамым кIуэуэ зы хуейм хуэдиз псыр зытырикIыу, бахъэкIэ фIыуэ зыкъигъэщIыту зигъэпскIын нэхърэ.

Къуажэм дэс руководительхэм я къалэнщ колхозхэтхэм я узыншагъэр хъума хъуным, къабзу щытынхэм щхьэкIэ хьэмамым екIуэлIэныгъэр къызэрагъэпэщыну. Зэ щхьэкIэ ар мыхьэнэ зимыIэ Iуэху хуэду къыпфIэщIынущ. Ауэ абы уегупщысмэ ар Iуэхущхуэщ. Ди областым и кIуэщIкIэ къыздэхъуа районхэр щыIэхэщ тиф къайуэхэу. А тиф къызэуахэм я бжыгъэхэр мазэ къэсыхункIэ нэхърэ хэхъуэ зэпыту. Пэжщ, мы сыхьэтым ар ягъэкIуадащ. Ауэ тифым зиубгъуныгъэр, зы къызэуэным бгъуэдэкIмэ нэгъуэщIым пкъырыхьу щытыныгъэр къыз хэкIар, щIыхухэм ямыкъэбзэныгъэращ. А уз зэрыщIалэр псынщIу зылъэIэсыр щIэ зыхищIэ, зызмыгъэкъабзэ щIыхураш. Абхуэду щыщыткIэ, а узым узэребэным хуейр къэбзагъэкIэщ. Щыхур къабзэмэ, тхьэмахуэ къэсыхункIэ зэ зигъэпскIэмэ, щыгъын щыгъхэр и чэзум дежи жьыщIмэ, и тепIэн-щIалъынхэр къабзэмэ, ар а узым щыхъумащ.

Хьэбэз районым и кIуэщIкIэ еджапIэм щIэс щIыкIухэм врач щапIым щыгъуэ щIэ зыхэмысу къыщIэкIар мащIэщ. Ар куэду укIытэгъуэщ жыпIэну. Ар а еджакIуэ щIыкIухэм я адэ, анэхэмкIэ зы щIыпIэ къыщымынауэ укIытэгъуэ.инщ. Ауэ аращ Iуэхур зытетыр. Ахэр и чэзум дежи ягъэпскIхэу, я щыгъынхэр хуажьыщIу щытатэмэ, щIэикI яхэсынтэкъым.

ЕгъащIэмикI псалъэжьу къогъуэгуркIуэр—къэбзагъэр—узыншагъэм и зы нэхъыщхьэщ,—жэуэ. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым щыхухэм ныбжькIэ къадэгъэгуркIуа хабзэр. Амал псорикI ехьэлIэн хуейщ къэбзагъэр хэлъу зекIуэныгъэм. Хьэмамым кIуэ зэпытын хуейщ. Унэ узыщIэсыр, пIэ узхэлъыр къабзу щытын хуейщ. АбыкIэрэщ гъэмэщIа зэрыхъунур сымаджэхэм, уз къызэуалIэхэм я бжыгъэр.

Иужьырей хъыбархэр

Американскэ авиацияр щIэуэ Токио теуэныгъэр

ЛОНДОН, ноябрым и 27-м. (АСС). США-м и военнэ министерствэм кърегъэхьыр, "отвращэщ крепость" бомбардировщик нэхъ къаруушхуэр ноябрым и 27 махуэм теуахэу Токио. Городым и стратегическэ, промышленнэ объектхэм бомбэкIэ еуахэщ. А теуэныгъэм хэта самолетхэр Сайпан островым илъэтыкIахэщ.

Верховнэ Главнокомандующэм и приказ

Армиям и генерал ПЕТРОВЫМ

4-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, нобэ, ноябрым и 26-м, Чехословакиям и щIыгум деж къащтащ городхэу МИХАЙЛЬОВЦЕ, ГУМЕННЕ—мыхьэнэшхуэ зиIэ коммуникацие зэхыхьэпIэ икIи бийм и оборонэм и щIэгъэкъуэну щытар.

Городхэу МИХАЙЛЬОВЦЕ, ГУМЕННЕ къащтэныгъэмкIэ ирагъэкIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфI къагъэлъэгъуахэщ генерал-полковник ГРЕЧКО, генерал-майор ГОСТИЛОВИЧ, генерал-лейтенант ГОРДЕЕВ, генерал-майор ЗАПОРОЖЧЕНКО, генерал-майор ВЕДЕНИН, генерал-майор МЕЛЬНИКОВ, генерал-майор ДРЕМИН, полковник ШУБ, генерал-майор ГРИНЧЕНКО, генерал-майор ГЛАДКОВ, генерал-майор ЛИСИНОВ, генерал-майор БЕЖКО, генерал-майор ПРОХОРОВ, генерал-майор ДУБАРЕВ, полковник ВАСИЛЬЕВ, полковник УГРЮМОВ, полковник ТЕТЕНКО, полковник ЧЕРНЫЙ сымэ я дзэхэм; артиллериям и генерал-лейтенант КАРИОФИЛЛИ, артиллериям и генерал майор БРИЧЕНОК, артиллериям и генерал-майор НАЙДЕНКОВ, полковник ЧЕНГЕРИ, полковник ЖИГ, полковник БРОЗГОЛЬ, полковник МИРОНОВ, полковник ХАНОВИЧ, полковник ЦИВЧИНСКИЙ, артиллериям и генерал-майор ЖИБУРКУС, полковник ПАВЛЕНКО сымэ я артиллеристхэм; танкыдзэхэм я генерал-майор ШИРОБОКОВ, танкыдзэхэм я генерал-майор РАЙКИН, полковник СЕТОВ, полковник МОРУС, полковник ХОПКО, подполковник ОЛЬХОВЕНКО, подполковник ВАСИЛЬЕВ сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-лейтенант ЖДАНОВ, авиациям и генерал лейтенант НАНЕЙШВИЛИ, авиациям и генерал-майор ГОЛОВНЯ, авиациям и генерал-майор КОТЕЛЬНИКОВ, авиациям и генерал-майор ЛАКЕЕВ, полковник ЧУК, полковник ОБУХОВ сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал майор КОЛЕСНИКОВ, инженерыдзэхэм я генерал-майор ГОВОРОВ, полковник ЖУРИН, полковник БОРАШ, полковник ДАВИДЕНКО, подполковник БАРКАЛОВ сымэ я саперхэм; связыдзэхэм я генерал-лейтенант МАТВЕЕВ, полковник БЕЛЯНЧИК, полковник НЕКРАСОВ, полковник ЕФИМОВ, полковник СТЕПАНЯН, подполковник НУЖДИН сымэ я связистхэм.

Къэлъэщэ хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, городхэу МИХАЙЛЬОВЦЕ ГУМЕННЕ къэщтэныгъэмкIэ ирагъэкIуэкIа зауэхэм деж, нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ орденхэр награду яратынхэу гъэувыи.

Нобэ, ноябрым и 26-м, сыхьэт 22-м деж ди Родинэм и столицэ МОСКВА Родинэм и цIэкIэ салют яратыр 4-рей Украинскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэу, МИХАЙЛЬОВЦЕ, ГУМЕННЕ городхэр къэзыщтахэм—топищэрэтIощIрэ пIырэр щцыкIутIрэ здэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэревгъэкIуэкIам щхьэкIэ, МИХАЙЛЬОВЦЕ, ГУМЕННЕ городхэр хуит къэщIыжынымкъэ зауэм хэтахэу фэ фIэщIэлъ дзэхэм псомкIи ФЫЩIЭ ЯХУЗОЩIЫР.

МыкIуэдыжыну щытхъу, ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэухэурэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал

И. СТАЛИН.

Ноябрым и 26-м 1944 гъэм.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Ноябрым и 26-м и оперативнэ сводкэ

4-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, ноябрым и 26-м къащтащ Чехословакиям и щIыгум деж городхэу МИХАЙЛЬОВЦЭ, ГУМЕННЕ,—мыхьэнэшхуэ зиIэ коммуникацие зэхыхьэпIэ икIи бийм и оборонэм и щIэгъэкъуэну щытар, абыхэм хуэдэ къабзу заузкIэ къащтащ нэгъуэщI куэдажэ 60-м щIитIу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ГОРБОК, ЧАБИНА, ПАВИН, ЗУБНЕ, СНИНА, УДАВОСКЕ, КАМЕНИЦА, МЫШЛИНА, ВИННЕ, ЗБУДЗА, ЛАСТОМИР, БУДЬКОВЦЕ, БЕША, ЛЕЛЕС, гъущIгъуэгу станцхэу ТОРБОК, ЧАБИНЕ, СНИНА, ЦИРОЦКЕ ДЛУГЕ, БОЗДКОВЦЕ.

Венгриям деж ди дзэхэм, зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIахэм къыхэкIкIэ, къащтащ городхэу икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ ХАТЛАН.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмкI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Ноябрым и 25-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом дежкI зэтракъутахэщ немецкэ танк 22. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ нитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраубыхащ бийм и самолет 12.

Ноябрым и 27-м и оперативнэ сводкэ

Ноябрым и 27-р екIуэкIыхункIэ ЧЕХОСЛОВАКИЯМ и щIыгум деж ди дзэхэм зауэкIэ къащтащ къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ДОЛГОНЯ, СВИДНИЧКО, КРУГЛОВА, КОТИЛОВА, ЛАДОМИРОВА, ШЕМЕТКОВЦЕ, МАЛЫЕ, ВЕЛИКИЕ СТАШКОВЦЕ, НИЖНЯЯ ОЛЬКА, ГРОБОВЕЦ, НАЦИНА ВЕС, ЛАШКОВЦЕ, ГАТАЛОВ, ДУБРОВКА, ОБОРИН, СЕНТЕШ, гъущIгъуэгу станцхэу РАДВАНЬ, КОЖКОВЦЕ, ВЕЛИКИЙ ГЕРЕШ, СТРАЖНЕ.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмкI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Ноябрым и 26-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм зэтракъутахэщ немецкэ танк 21.

ВКП(б)-м и Крайкомым и XV-рей пленумым щхьэкIэ

Дыгъуасэ, ноябрым и 23-м, и лэжьыгъэр иухащ ВКП(б)-м и Ставропольскэ Краевой Комитетым и XV-рей пленум.

Пленумыр тепсэлъыхьащ мы къэкIуэну вопросхэм:

1. Пропагандистскэ, агитационнэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныгъэм.

2. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ я кIуэцIкIэ Iэщхуныгъэм зегъэубгъуныгъэм.

3. Машинэ-тракторнэ паркыр ремонт щIыныгъэм.

4. Организационнэ вопросхэм.

Япэрей вопросымкIэ доклад ищIащ пропагандэмрэ агитациямрэкIэ ВКП(б)-м и Крайкомым и секретарь тов. ВОРОНЦОВ В. В. ЕтIуанэрей вопросымкIэ доклад ищIащ ВКП(б)-м и секретарь тов. ПАРШИН Н. Я. Ещанэрей вопросымкIэ доклад ищIащ Крайземотделым и заведующ тов. КРОТКОВ Е. С.

Зытепсэлъыхьа вопросхэмкIэ пленумым къищтащ гъэнэхуакIэ решеннехэр.

Пленумым къащта решеннехэр ди газетым тедзэнущ.

ГуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и XIII-рей сессия

Ноябрым и 25—26-м Черкеск городым щекIуэкIащ гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и XIII-рей сессияр.

Сессияр тепсэлъыхьащ мы къэкIуэну Iуэхугъуэхэм:

1. Областым и кIуэцIкIэ санитарнэ-эпидемическэ щытыкIэм.
2. Iэщхэр щIымахуэм щIэшыныгъэм зэрыхуэгъэхьэзырам.
3. Оргвопросхэм.

Япэрей вопросымкIэ доклад ищIащ гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председатель тов. Дорохов.

Докладчикым къыжеIэр Черкессияр немецкэ-фашистскэ зэрыпхъуакIуэхэм ямубыдауэ щыщытам щыгъуэ Черкессиям иIэу зэрыщытар гуащIэрыпсэухэм я узынщагъэр хъума хъуным щхьэкIэ амал зимыIэу щыта псорикI. Абы нахуу къегъэлъагъуэр бжыгъэхэр. Оккупациям ипэкIэ Черкесскэ областым иIэу щытащ сымаджэщу 5, фыз лъхуапIэ уни 6, колхоз фыз лъхуапIэ унэхэу—14, фельдшерскэ пункту—15.

Абыхэм щылажьэу щытащ врач 48, медицинскэ лэжьакIуэ курытхэу нэрыбги 110.

Немецкэ-фашистскэ хьэкIэкхъуэкIэхэр къакIуэхэри а псорикI зэхакъутащ. Сымаджэщхэм щIэта гъуэлъыпIэхэр, тепIэн-щIэлъынхэр зэбгыратхъащ. Адыгэ Хъэблэ къуажэм дэт сымаджэщым операция здащIу иIа унэ хьэлэмэтыр немецкэ хьэкIэкхъуэкIэхэм шэщ ящIыжауэ щытащ. Абхуэду хьэкIэкхъуэкIагъэр ирахащ Эльбыргъэн сымаджэщмикI, городым дэт сымаджэщмикI.

Краснэ Армиям фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди областым зэрырихужу, областым и гуащIэрыпсэухэр нужь ихьащ медицинскэ учреждениехэр зэфIэгъэувэжа хъуныгъэм. ГуащIэрыпсэухэм я егугъуныгъэм къыхэкIкIэ, къанэ щымыIэу зэфIэгъэувэжа хъуащ сымаджэщ псорикI. Псом хуэмыдэжу фIыуэ зэфIэгъэувэжа хъуащ икIи зэкIэлъыкIуэу мэлажьэр Эльбыргъэн сымаджэщыр. Областым и куэцIкIэ къызэгъэпэщыжа хъуащ эпидемическэ станцищ, фельдшерскэ пункт 22. Оккупациям ипэкIэ врач 48 диIэу щытамэ, иджы диIэщ врач 60. Абы щыщу 25 районхэм щолажьэхэр.

—Абхуэду щыт пэтмикI щыщIагъэ диIэкъым жыпIэ хъунукъым,—жеIэр докладчикым. Псалъэм щхьэкIэ, ди районхэм яхурикъукъым врачу щыIэр. ЩIэнгъэфI зиIэ врачхэм я пIэкIэ лэжьэн хуей мэхъухэр щIэныгъэ щIагъуэ зимыIэ, мазэ заулкIэ нэхъ емыджа медицинскэ сестрахэр. Къуажэ къэсыхункIэ фыз лъхуапIэхэр къыщызэгъэпэщакъым. Ахэр здыщыIэхэми лэжьыгъэр зэрыхуэфащэнум хуэду екIуэкIкъым. МыхъумыщIагъэхэр къыздэхъухэр щыIэхэщ фыз лъхуэхэм дахэу кIэлъымыплъыныгъэм къыхэкIкIэ.

Абы адэкIэ, докладчикым кегъэлъагъуэр районхэм я руководящэ лэжьакIуэхэм я ныIэ тырагъэт зэпыту зэрыщымытым медицинскэ лэжьакIуэхэм, ахэр дыIэпыкъуэгъуншэу къызэрагъанэхэм.

Докладчикыр нахуэу къытопсэлъыхьыр гуащIэрыпсэухэм я узыншагъэр хъума хъуным къуажэм дэс руководительхэм нэмыплъ ирату зэрыщытым. Колхозхэтхэр, сымаджэ хъухэмэ и чэзум деж дыIэпыкъуэгъу хуэхъуныгъэм пылъхэкъым. Къуажэм дэт фельдшерскэ пунктхэм я лэжьакIуэхэм ягугъуэкъым, ахэр зыхуэныкъуэхэр хуащIэхэркъым. Ягъэсын, яшхын ямыIэу ахэр къагъанэхэр.

—Къэбзагъэр—узыншагъым и зы нэхъыщхьэщ,—жеIэр докладчикым. Абы щхьэкIэ къуажэ къэсыхункIэ хьэмамхэр дырагъэщIыхьащ, ауэ а хьэмамхэр лажьэу зыкъуажикI щыIэкъым. Колхозхэм къашэкъым хьэмамхэр зэрагъэплъын пхъэ. Ремонт щIыжыпхъэхэр ящIыжхэкъым. Колхозхэтхэр хьэмамым кIуэ зэпытхэу, загъэкъабзу щытыныгъэр къызэгъэпэщакъым. Абы къыхэкIкIэ сымаджэныгъэрикI, уз зэрыцIалэхэрикI къохъухэр.

Докладчикым икIэ псалъэм деж къыжиIащ а щыщIагъэ псорикI гъэкIуэда хъуныгъэмкIэ амал зимыIэу щыт Iуэхугъуэхэр.

Япэрей вопросымкIэ прением деж къэпсэлъахэщ т. **Мироненко** (городской детскэ консультациям и заведующщ), т. **Ступин** (Кувинскэ районым и госсанинспекторщ), тов. **Кокова** (Икон-Хьэлъкъ районым и райздравотделым и заведующщ), т. **Кузько** (Кировскэ районым щыщ „Красноармеец" колхозым и тракторнэ бригадэм и бригадирщ), нэгъуэщI къинэмыщIхэрикI.

Сессияр зытепсэлъыхьыну IуэхугъуэхэмкIэ етIуанэрей вопросымкIэ доклад ищIащ Областной земельнэ отделым и заведующ т. **Чмыхов.**

Докладчикым къыжеIэр немецкэ-фашистскэ зэрыпхъуакIуэхэм областым и Iэщ хъуныгъэм зэраныгъэшхуэу ирахахэр. Абыхэм хьэкIэкхъуэкIагъэр яхэлъу зэрызэхакъутахэр колхозхэм я Iэщ фермэхэр, нэхъ шыфIхэр, IэщыфIхэр зэрахуахэр, щысхь ямыIэу яхуэшххэр зэрашхахэр.

— Сыт хуэдиз зэраныгъэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэм Iэщ хъуныгъэм ирамыхауэ щытмикI, ди областым и гуащIэрыпсэухэр, партиям и руководетвэм щIэткIэрэ, псынщIагъэр хэлъу зэфIагъэувэжащ колхоз Iэщ хъуныгъэр, жеIэр докладчикым, — колхознэ фермэхэр. Iэщхэр зыщIэтыну псэуалъэхэр.

Докладчикыр къытопсэлъыхьыр колхоз куэдхэр егугъуу, къалэну къабгъэдэлъыр ягъэзэщIэныгъэм къыхэкIкIэ ехъулIэныгъэфIхэр къызэралъэщахэр. Нэгъабэ Iэщхэр щIымахуэм щIэщыныгъэмкIэ, хэмыкIуэдыкI Iэуэ къызэтегъэнэныгъэмкIэ.

Докладчикым нахуэу къегъэлъагъуэр Iэщ хъуныгъэр зэфIэгъэувэжыныгъэмкIэ ехъулIэныгъэфI гуэрхэр къэлъэщауэ щыт пэтмикI, иджырикI щыщIэныгъэшхуэхэр зэрыщыIэр Iэщ хъуныгъэр зэфIэгъэувэжыныгъэмкIэ. Пшэч мыхъуну колхоз куэдхэм Iэщ хъуныгъэм хагъэхъуэным ипIэкIэ, нэхъ мащIэ зэращIыр, колхоз гуэрхэм я кIуэцIкIэ щIыпIэ зэриIэм Iэщхэм щхьэусыхэкIуэдыкIыныгъэм гъуэнщу. Псом хуэмыдэжу, хуабжьу мыхъумыщIагъэ хэлъу екIуэкIыр Iэщхэр щIымахуэм щIэшыныгъэраш. Колхоз куэдхэм иджырикI ягъэхьэзырахэкъым Iэщхэм щIымахуэм яшхыну мэкъур. Абы кIэ нэхъ къыкIэрыхур Кировскэ районыращ.

— ПIалъэ кIэщIкIэ гъэкIуэдын хуейщ а щыщIагъэхэр икIи псынщIагъэр хэлъу къызэгъэпэщын хуейщ Iэщхэм щIымахуэм яшхыну мэкъумылэр гъэхьэзырыныгъэр. Нартыху жэпкъхэр пыупщIауэ зэтелъхьэн хуейщ, хьэуазэхэр гъэсын хуейкъым,—жеIэр докладчикым.

Iэщхэр щIымахуэм щIэшыныгъэмкIэ къалэну областым и колхозхэм къапыщытыр къыгъэлъагъуэкIэрэ, еухыр т. Чмыхов и докладыр.

Доклад нэужьым екIуэкIащ прениер. Колхозхэм я председательхэм, Iэщ хъуныгъэм и специалистхэм, райземотделхэм я заведующхэм къыжаIахещ а щыщIагъэхэр зэрагъэкIуэдынухэр, икIи Iэщхэр щIымахуэм зэрыхуэфащэнум хуэду щIэшыныгъэмкIэ амалу зехьэн хуейхэр.

Сессиям и кIэм деж къэпсэлъащ ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и секретарь т. **Матросов.** Абы къыхуриджащ сессиям къекIуэлIахэр текIуэныгъэщIэм икIи фIагъыр хэлъу Iэщхэр щIымахуэм щIэшыныгъэм зыхуэгъэхьэзырыныгъэм.

А вопроситIымкIи сессиям гъэунэхуахэу унафэхэр къищтащ.

* * *

НэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэхэм щхьэкIэ, сессиям тыригъэкIахэщ зыIут IэнатIэхэм гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председателым и заместительхэу щыта тт. **Абанов** А. М., **Коваленко** А. А., **Воронин** М. И., **Охтов** А. Н. Тов. **Охтов** А. Н. ягъэуващ гособеченнемкIэ отделым и заведующу. Сессиям тыригъэкIащ гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председателым и заместителу щытыныгъэм т. **Кравцов** Е. А. икIи ар Облпланым и председателу ягъэуващ. НэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм щхьэкIэ Областной земельнэ отделым и заведующу щыта т. **Королев** М. П. зыIут IэнатIэм IуагъэкIащ. Областной земельнэ отделым и заведующу ягъэуващ т. **Чмыхов** М. М. НэгъуэщI щIыпIэ зэрыкIуэм щхьэкIэ Облместпромым и заведующу щыта т. **Вострецов** М. П. тырагъэкIащ. Облместпромым и заведующу ягъэуващ т. **Шанталов** А. И.

НэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэхэм щхьэкIэ сессиям и Облсоветым и исполкомым и члену щытыныгъэм хигъэкIахэщ тт. **Абанов** А. М., **Коваленко** А. А., **Королев** М. П., икIи Облсоветым и неплкоомым и члену хагъыхьащ тт. **Емельянов** И. Г., **Калмыков** Х. А. икIи тт. **Емельянов** И. Г., **Калмыков** Х. А. гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председателым и заместительхэу ягъэуващ.

Абдежым гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и XIII-рей сессиям и лэжьыгъэр иухащ.

Къэралым гъавэр етыныгъэмкIэ социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм деж текIуэныгъэхэр къэзылъэщахэм Краснэ знамэр етыныгъэмкIэ

ВКП(б)-м и обкомым и бюромрэ гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомымрэ ноябрым и 26-м 1944 гъэм ящIа постановление

1. Къэралым гъавэр етыныгъэр псынщIу зэрагъэзэщIам щхьэкIэ ВКП(б) м и обкомымрэ Облсоветым и исполкомымрэ я Краснэ знамэр етын Кувинскэ районым щыщ Карл МарксыкIэ зэджэ колхозым. А колхозым и правленнем етын сом мини 10 нэхъыфIу лэжьа колхозхэтхэр премировать иришIыным щхьэкIэ.

2. Къэралым гъавэр етыныгъэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр къызэрилъэщам щхьэкIэ ВКП(б)-м и обкомымрэ гуащIэрыпсэухэм я Облсоветым и исполкомымрэ я Краснэ Знамямрэ етIуанэрей премиямрэ сом мини 7 хъууэ, етын Черкесскэ районым щыщ „Красный партизан" колхозым.

Облзом и зав. т. Чмыхов и пщэ илъхьэн а ахъшэхэр колхозхэм яхуигъэхьыну.

ВКП(б) и Черкесскэ обкомым и секретарь.
П. ДЗАРАГАЗОВ.

Облсоветым и исполкомым и председатель
М. ДОРОХОВ.

Союзникхэм я дзэхэм Страсбург къащтащ

Страсбург къанэ щымыIэу бийм къыIэщIагъэкIыжащ, Рейн телъ лъамыжым къинэмыщIауэ. А городым деж плен къащIа цIыху бжыгъэр мини 5-носыр.

Союзникхэм я дзэхэу, Сен—Дье районым къикIахэу Страсбург хуэкIуэхэр, Севернэ Вогезым деж Заальскэ дэкIыпIэм дэкIын яухащ. Вогезым дежрэ Бельфорскэ дэкIыпIэ районымрэ дежхэм Бельфор и къуэкIыпIэ ищхъэрэ-къуэкIыпIэ районхэм бийр ирахужахэщ.

Союзникхэм я авиациер гуащIэу куэдрэ теуащ бийм и военнэ объектхэм.

Западнэ Европ… щекIуэкI зау…

ЛОНДОН, ноябрым … (ТАСС). Союзникхэм я … дицнонне къарухэм я … нэ командованием и … къыдигъэкIа хъыбархэм …

Союзникхэм я дзэхэр (Голландия) и оборон… гъэбыдапIэхэм и къу… дежхэм щызэгухьахэщ ищхъэрэмкIэ кIуэта… ирагъэкIуэкIхэр.

Гейленкирхен (Гер… секторым деж зэхъу… гъэ къыщыхъуакъым.

Юлих (Германия) и … пIэ лъэныкъуэмкIэ союзн… я дзэхэм къащтащ Бу… Вейсвейлер и щIыпIэ… урам зауэ щырагъэкIу… Зы щIыпIэ гуэрым де… юзнэ дзэхэр Вейсвейлер… гервее гъуэгъум нэсащ…

Гюртген и ищхъэр… ныкъуэмкIэ союзникхэм… хэр Гроссхау зэрыпэ… хэр ярдищэ заулщ. Гъ… союзникхэм я артил… доуэ зэпытыр.

Тионвиль (Франция) … хъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ … никхэм я дзэхэр гер… границэм зэпырыкIахэщ … Гемих милищкIэ и ищ… кIыпIаIуэкIэ щыIэ Те… нэсахэщ.

Фиштингер и ищхъэр… хьэпIэмкIэ щыIэ мэзыр… къыIэщIагъэкъэкIыжащ и къуэкIыпIэмкIэ щыIэ… рикур мэзым союзн… хэр щIэсхэщ. Союз… хэм я отрядхэу, Саар … район Фиштингер деж… пырыкIахэщ. Берендорф … къащIыжащ. Абы хуэди… зу ехъулIэныгъэфIхэр … нэ Эльзас щIыгу зауэ… къащалъэщащ икIи … бгым и районым деж … зигъэнэныгъэ щабу къ…

ЛОНДОН, ноябрым … (ТАСС). Средиземном… театрым зауэ щезыгъ… союзникхэм я воору… къарухэм и штабым … гъэкIа хъыбархэм жаIэ… английскэ армиям и … бий икIуэтыжыр пс… яхукIэрэ, Ламон псым … хэщ фронтыбгъуэшхуэ … Фаэнци и ищхъэраIуэ … сыхункIэ. Фаэнци и … кIэ английскэ пехотэм … хэм къыдаIыгъкIэрэ, М… псым и лъамыжыпэхэм де… быдапIэ щащIащ икIэ … псым бгъэдокIуатэхэр, и зигъэнэныгъэ зэмыгъ… хэр зэпащIхэурэ. А се… и сэмэгурабгъу флангы… 8-рей армиям и частхэ… зоне псым и къуэкIып… къанэ щымыIэу бийм и … нэныгъэхэр ягъэкIуэда… псым и щIыпIэ заулхэм … никхэм я патрульхэр щ… рыкIахэщ. Пастойя—Б… шоссем и къухьэ… 5-рей армиям и амери… частхэм, ехъулIэныгъэ… ирагъэкIуэкIа зауэхэм … хэкIкIэ, къащтащ мы… хуэ зиIэ лъэгапIэ … Бельведере икIи … фIэкIуэда позициехэр къ… жыну контратакэ зауэ… кIуа щхьэкIэ, абыхэм … рагъэгъэзахэщ.

Ответ. редактор М. СА…